**दिन–गुरूवार** **दिनांक–17.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेशक सीवान आ सारण जिला मे विषैला शराब पीबा सँ काल्हि पच्चीस गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि आ बाईस गोटे बीमार छथि। राज्यक आबकारी मंत्री रत्नेश सादा आकाशवाणी समाचार सँ वार्ता करैत कहलनि जे सीवान जिलाक भगवानपुर हाट थाना क्षेत्रक विभिन्न गाम मे बीस आ सारण जिलाक मशरक मे पाँच गोटे के मृत्यु भेल अछि। ओ कहलनि जे तीन गोटे के आँखिक ज्योत सेहो चलि गेल अछि। जखनकि ईलाजरत तैंतालीस बीमार लोक सभ के विभिन्न अस्पताल सभ मे ईलाजक बाद छुट्टी दऽ देल गेल अछि। श्री सदा कहलनि जे उत्पाद आ मद्य निषेद विभागक वरिष्ठ अधिकारी लोकनिक टीम प्रभावित गामक दौरा कऽ रहल छथि। एहि मामिला मे एक विशेष जाँच दल एसआईटी के सेहो गठन कयल गेल अछि। मंत्री कहलनि जे जिनकर मृत्यु भेल अछि हुनक आश्रित परिजन लोकनि के कानूनक अंतर्गत मोआवजा देल जायत। श्री सदा कहलनि जे ओ प्रभावित इलाका मे जाकऽ लोक सभ सँ भेट कऽ शराबक सेवन करबाक लेल जागरूक करताह। एम्हर, घटनाक बाद पुलिस ओहि प्रभावित क्षेत्र सभ मे पहुँचि कऽ मामिलाक जाँच कऽ रहल अछि जतऽ लोक सभ कथित रूप सँ शराब पीने छल। कतेको गाम मे पुलिस के सूचित कयने बीना मृतक के परिजन लोकनि किछु लहाशक अंतिम संस्कार कऽ देलनि अछि। एहि मे मरऽवला के संख्या बढ़बाक सेहो आशंका अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे सीवान आ सारण शराब कांड के लऽकऽ अधिकारी लोकनिक संग एक उच्चस्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। ओ मद्य निषेध आ आबकारी विभागक सचिव के प्रभावित क्षेत्रक दौरा करबाक लेल कहलनि। श्री कुमार एहि घटनाक व्यापक जाँच आ अपराधी सभक विरूद्ध करगड़ कार्रवाई करबाक आदेश देलनि अछि। एम्हर, भाजपा नेता शाहनवाज हुसैन छपरा आ सीवान मे भेल लोकसभक मृत्यु पर दुःख व्यक्त कयलनि अछि। ओ बिहार मे शराबबंदी के आओर कड़गर ढंग सँ लागू करबाक मांग कयलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ चंडीगढ़ मे राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन–एनडीए के मुख्यमंत्री आ उप–मुख्यमंत्री लोकनिक सम्मेलनक अध्यक्षता कयलनि। एहि सम्मेलन मे बीजेपी अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आ गृहमंत्री अमित शाह के संग मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो उपस्थित छथि। सम्मेलन मे राष्ट्रीय विकासक मुद्दा पर विचार–विमर्श कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

देशभरि मे आइ वाल्मीकि जयंती मनाओल जा रहल अछि। रामायणक रचयिता महर्षि वाल्मीकि के जन्म दिवसक रूप मे मनाओल जायत अछि। महर्षि वाल्मीकि आदिकवि अथवा संस्कृत भाषाक प्रथम कवि के रूप मे सेहो सम्मानित छथि। एहि अवसर पर प्रदेशभरि मे शोभा यात्रा निकालल जा रहल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार महर्षि वाल्मीकि जयंती पर देशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

राज्यक जाहि अंचल सभ मे दाखिल–खारिज आ परिमार्जन के मामिला सभ सँ बेसी लंबित अछि ओतऽ राजस्व पदाधिकारी के तैनाती कयल जायत। राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री डॉक्टर दिलीप जायसवाल विभागीय समीक्षा बैसक के दरमियान एहि सम्बन्ध मे दिशा निर्देश देलनि। बैसक मे ओ अधिकारी लोकनि के तीन मासक भीतर सभ ऑनलाइन सेवा मे लंबित मामिला के शून्य करबाक सेहो निर्देश देलनि।

———————————————————————————

राज्यक छओ हजार पाँच सय पैंतालीस पैक्स सभ मे पाँच चरण मे चुनाव करेबा पर सहमति बनि गेल अछि। बिहार राज्य निर्वाचन प्राधिकारक आधिकारिक सूत्रक अनुसार सहकारिता विभाग, सामान्य विभाग, गृह विभाग आ पुलिस विभागक वरीय अधिकारी लोकनिक मध्य भेल उच्च स्तरीय बैसक मे मतदानक प्रस्तावित तिथि पर सहमति बनि गेल अछि। एहि सम्बन्ध मे शीघ्रहिँ अधिसूचना जारी कयल जायत। बैसक मे शहरी निकाय मे सम्मिलित पैक्स सभक चुनाव बाद मे करेबा पर निर्णय लेल गेल।

---

प्रधानमंत्री गतिशक्ति अभियानक अंतर्गत आइ पटना मे पूर्वी जोनक लेल जिला स्तरीय दू दिवसीय कार्यशाला के शुरूआत भेल। उद्योग मंत्री नीतीश मिश्रा कार्यक्रमक शुभारम्भ कयलनि। एहि कार्यशाला मे बिहारक अतिरिक्त झारखंड, ओडिशा, पश्चिम बंगाल, उत्तरपद्रेश आ उत्तराखंड के चौवालीस क्षेत्र सभक जिलाधिकारी आ अधिकारी लोकनि भाग लऽ रहल छथि।

---

भारतीय रेल एडवांस रिजर्वेशन के अवधि एक सय बीस दिन सँ घटा कऽ साठि दिन कऽ देलक अछि। ई नियम एक नवंबर दू हजार चौबीस सँ लागू भऽ जायत।

---

प्रदेश मे डेंगू के नव मामिला लगातार बढैत जा रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे एक सय छियालीस नव मामिलाक पुष्टि भेल अछि। जाहि मे चौसठि मरीज पटना सँ छथि। ओतहि, पटना मे चिकुनगुनिया के सेहो पाँच नव मामिलाक पुष्टि भेल अछि।

---

बेगूसराय जिला मे अवैध नशीला पदार्थक विरूद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत पुलिस बखरी थाना अंतर्गत खजुरिया गाम सँ एकतालीस लीटर विदेशी शराब आ फुलबरिया गाम सँ पन्द्रह लीटर देशी शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

खगड़ियाक राष्ट्रीय उच्चपथ संख्या एकतीस पर पुलिस बाईक सवार तीन तस्कर के अग्नेयास्त्र के संग गिरफ्तार कयलक अछि। तस्कर सभक लऽग सँ दू देशी पिस्तौल, दू मैग्जिन, दू जिंदा कारतूस, दू मोबाईल आ बाईक बरामद कयल गेल अछि। पूछताछ के बाद तीनू तस्कर के न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि।